



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN PI GRAN PWOJÈ ENÈJI SOLÈ KOMINOTÈ NAN KONTE TOMPKINS LAN

373 Fwaye ap Benefisye de Rezo Pano Solèy 2.3 Megawat Vil Enfield la

L ap Sipòte Manda Gouvènè Cuomo Genyen pou Mwatye Elektrisite Eta a soti nan Resous Enèji Renouvlab yo apati 2030

Li fè pati “Southern Tier Soaring” – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke pi gran pwojè enèji solè kominotè nan Konte Tompkins lan te fini epi li konplètman operasyonèl. Li sitiye nan Vil Enfield la epi, 373 fwaye, ansanm ak yon legliz lokal, ap benefisye de rezo pano solèy 2.3 megawat la k ap sipòte manda Gouvènè Cuomo genyen pou mwatye elektrisite eta itilize soti nan sous enèji renouvlab apati 2030. Pwojè a ap konpleman Inisyativ “Southern Tier Soaring” lan, ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè.

“Enèji pwòp, renouvlab enpòtan anpil pou konbat chanjman klimatik yo epi pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon Nouyòkè aktyèl ak jenerasyon k ap vini yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk pwojè enèji solè kominotè sa a y ap ajoute a, nou ap kontinye angajman nou pran anvè yon avni ki favorab a anviwònman an ak yon rezo elektrik ki pi rezistan ak pi abòdab.”

“Nou ap investi nan inisyativ enèji pwòp ak renouvlab toupatou atravè eta a pou redwi pri yo epi pwoteje anviwònman an”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pwojè solè nan Konte Tompkins lan pral ofri elektrisite pou anpil santèn fwaye epi kontinye devlope ekonomi rejyon Southern Tier la. Pwojè sa a ap plis fè vanse objektif enèji pwòp agresif nou yo pou nou asire yon anviwònman pwòp, sekirite pou jenerasyon alavni yo.”

Rezo pano solèy yo gen ladan 6,804 pano solèy sou 5.26 ekta tè. Anplis de 373 fwaye yo, legliz Our Lady of Good Counsel nan Endicott la te pran abònman nan pwojè enèji solè kominotè sa a. Rezo pano solèy 2.3 megawat la pral redwi gaz a efè sèr yo pa 1,430 tòn metrik anyèlman, ki se ekivalan a si yo ta retire 306 machin sou wout yo.

Pwojè enèji solè kominotè sa yo —ki se youn nan plizyè inisyativ nan kad pwogram NY-Sun Gouvènè Cuomo a k ap koute 1 milya dola—ap ogmante aksè a enèji solè nan zòn kote rezidan yo gendwa pa posede pwopriyete yo, oswa yo pa gen espas ideyal pou yo enstale pano solè yo lè yo pèmèt yo pran abònman nan yon pwojè enèji solè kominotè lokal. Yon fwa fwaye ak biznis yo pran abònman, yo ap toujou resevwa enèji atravè founisè enèji elektrik regilye yo pandan ke y ap retounen kouran ki pwodwi nan rezo pano solè la anvè rezo elektrik la pou alimante l dirèkteman. Kòm konsekans, yo ap alimante rezo a ak enèji ki pwòp, renouvlab pandan ke moun ki abòne yo ap resevwa yon kredi sou fakti elektrik yo. Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap administre pwogram NY-Sun lan.

Richard Kauffman, ki se Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) pou Eta New York la, te deklare, “Nan kad politik enèji pwòp anbisye Gouvènè Cuomo a, New York te wè kwasans san presedan nan enèji solè. Yo atribiye gran pati pwogrè sa a patenarya piblik ak prive ki genyen ant kominote yo ki mete ansanm pou yo konstwi pwojè enèji solè kote yo plis bezwen yo pandan y ap ofri djòb ak enèji pwòp abòdab, ak rezistan toupatou atravè New York”.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Pwojè enèji solè kominotè yo ap vin deplizanpli popilè pou senp rezon ke yo ofri aksè a enèji pwòp pou sila ki gendwa pa gen lokalite oswa resous apwopriye pou yo enstale pano yo sou twati kay yo. Mwen aplodi rezidan Konte Tompkins lan yo ki te mete ansanm pou yo redwi depans enèji ak redwi degajman kabòn yo nan kad sipò ajanda enèji pwòp Gouvènè Cuomo a”.

BlueRock Solar te devlope rezo pano solè yo epi Renovus Solar ak BlueRock ap jere acha ak sèvis kliyantèl yo, ansanm ak Entèfas mansyèl avèk NYSEG la, ki se konpayi sèvis piblik lokal la. New Energy Equity se pwopriyete rezo a.

Michael L. Francis, ki se Direktè Jeneral BlueRock Solar la te deklare, “Piske pwojè enèji solè kominotè a se yon pwojè sou estil abònman, li ofri fason ki pi fasil ak pi bon mache pou kliyan yo itilize enèji solè paske pa bezwen bay okenn vèsman inisyalyal pou yo ka abòne. Pa gen verifikasyon kredi, kliyan yo siyen yon kontra ki ka dire osi kout ke yon ane, epi avèk pwojè a ki itilize kontè nèt, nou ofri rabè sou apwovizyonman sèvis piblik ak to livrezon yo. Se yon pwogram eksepsyonèl k ap benefik alafwa pou anvwonman ak pou kliyan yo”.

Joe Sliker, ki se Prezidan Renovus Solar la te deklare, “Se yon pleze pou nou travay ak ekip nan BlueRock, reprezantan pwojè NYSERDA yo, ak tout enjenyè ki plen talan sou tou de kote yo pou nou rive mete pwojè sa a an fonksyon. Objektif Renovus te toujou pou nou pote enèji pou mas la, epi chak wat enèji solè nou devlope ak patnè nou yo tankou BlueRock, ap ede nou pote New York pi prè objektif enfrastrikti enèji li yo”.

Matthew Hankey, ki se Prezidan New Energy Equity a te deklare, “Nou trè kontan pou nou fè patenarya ak BlueRock nan kad akonplisman premye jaden enèji solè kominotè New York nou an. New York gen yon mache solid pou nou pou lekòl ak minisipalite yo. Li trè bon pou nou kapab ajoute abòne rezidansyèl yo nan pòtfèy nou an kounye a tou. Nou swete, sa pral premye nan plizyè pwojè konsa pou nou”.

Senatè Tom O'Mara, Direktè Sena Komite pou Konsèvasyon Anviwònmantral (Senate Environmental Conservation Committee), te di, "Pandan Eta New York la ap kontinye vanse vè lavan nan zafè devlopman ak itilizasyon enèji renouvlab yo, finansman pwojè sa a reprezante yon etap enpòtan vè lavan pou anpil santèn fwaye nan Konte Tompkins".

Manm Asanble Barbara Lifton te deklare, "Mwen kontan pou m wè nouvo rezo pano solèy sa a nan Vil Enfield. Pwojè tankou pwojè sa a se prèy pozitif ki montre ke enèji solè alafwa pratik ak rantab epi pwojè sa a pral kontinye elan agrandisman itilizasyon enèji renouvlab nan New York. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak NYSERDA paske y ap fè vanse Enèji Solè Kominotè yo epi ankouraje tout efò yo ap fè pou ogmante kantite pwojè enèji solè ak lòt pwojè enèji pwòp pou nou ka rive atenn objektif nou yo".

Martha Robertson, Prezidan Lejislati Konte Tompkins lan, te deklare, "Pwojè enèji solè kominotè sa a ap pèmèt rezidan yo benefisye de enèji pwòp yo epi sipòte efò dirab n ap kontinye fè nan Konte Tompkins lan yo. Nou rekonesan anvé Gouvènè Cuomo pou ledèchip li nan efò pou bay minisipalite lokal yo zouti yo bezwen pou yo agrandi itilizasyon enèji renouvlab yo epi vin pi rezistan".

NY-Sun se inisyativ 1 milya dola Gouvènè Cuomo pou avanse pwojè solè a gran echèl epi fè Eta avanse pipre pou gen yon endistri solè dirab, endepandan. Depi 2011, enèji solè nan Eta New York la te ogmante plis pase 1,000 pousan epi yo te rantabilize prèske 2.8 milya dola nan investisman prive, epi yo te anboche plis pase 12,000 moun nan djòb ki nan sektè enèji solè a toupatou atravè eta a.

NYSERDA te sipòte plis pase 84,000 enstalasyon solè toupatou atravè Eta New York la jiska prezan, avèk plis pase 5,004 pwojè ki aktyèlman nan chantye, ki gen ladan 700 megawat Enèji Solè Kominotè. Soti nan kòmansman 2018 la jiskan Jen, yo te klase New York kòm twazyèm onivo nasyonal nan kantite pano solèy rezidansyèl ak non-rezidansyèl yo te enstale yo. Anplis de sa, pandan mwa jiyè ak Out 2018 la yo, New York te konplete 80 megawat pwojè enèji solè - pi gran kantite megawat yo te konplete nan lespas de mwa nan istwa eta a.

Akselere "Southern Tier Soaring"

Anons jodi a vin konpleman pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 4.6 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè "Southern Tier Soaring" ak yon envestisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la (Upstate Revitalization Initiative), jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)